



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 11 LÒT KONAPYI AP REJWENN START-UP NY

83 Biznis te rejwenn START-UP NY depi lansman epi angaje pou kreye plis pase 2,530 nouvo djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 11 lòt biznis planifye pou elaji oswa lokalize nan Eta New York anba pwogram START-UP NY. Yo pral rejwenn plis pase 70 konpayi ki deja ap patisipe nan inisyativ la, sa ki kreye zòn san taks ki asosye avèk kolèj ak inivèsite yo toupatou nan eta nan fason pou pouse kwasans ekonomik.

11 biznis yo pral investi preske \$30 milyon, e yo te angaje pou kreye omwen 158 nouvo djòb sou senk pwochen ane yo nan zòn san taks yo ki patwone pa University at Buffalo, Rochester Institute of Technology, Farmingdale State College, Morrisville State College, SUNY Brockport ak Stony Brook University. Dènye gwoup konpayi sa ki antre nan pwogram lan fè total biznis kap patisipe nan START-UP NY la rive 83, sa ki reprezante angajman pou kreye plis pase 2.530 nouvo dyòb ak pou investi plis pase \$133 milyon nan kominote yo toupatou nan eta.

“Anba START-UP NY nap kontinye montre biznis yo toupatou nan mond lan ke pa gen yon pi bon kote pou grandi pase New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Inisyativ sa a ap kreye nouvo opòtinite ak ranfòse ekonomi an nan makonnen kolèj ak inivèsite klas mondyal nou yo avèk mendèv ak anviwonman ki san taks kap ede konpayi yo pwospere. START-UP NY ap jenere gwo bagay pou Eta New York, e mwen kontan pou m akeyi biznis sa yo nan pwogram lan.”

Biznis sila yo pral kreye travay nan plizyè endistri kle, enkli rechèch ak devlopman nan byoteknoloji, jeni fizik ak syans lavi, manifakti avanse, bwason, teknoloji enfòmasyon, ak sistèm ak devlopman lojisyèl.

Biznis ki annaprè yo apwouve pou START-UP NY:

- Adiabatic Solutions, LLC
- C&M Robotics Co., Ltd.
- ClearCove Systems, Inc.
- Codagenix, Inc.
- DaStrong Corp.

- Empire Farmstead Brewery, Inc.
- Joox America, LLC
- K16 Corporation
- Mitogenetics, LLC
- Precision Optical Transceivers, Inc.
- QB Sonic, Inc.

Prezidan pa entèrim Empire State Development, PDG & Komisyone Howard Zensky te deklare, "START-UP NY se yon inisyativ kap chanje jwèt la kap atire plizyè milye travay ak milyon dola envestisman nan Eta New York. Nap devlope ekonomi nou ak fòmasyon yon mendèv ki otman kalifye pou ranpli gwo travay yo konpayi START-UP NY yo te kreye nan yon varyete endistri a kwasans elve tankou syans lavi, byoteknoloji ak manifakti avanse, pami anpil lòt."

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, "Pwogram START-UP NY Governor Cuomo kontinye pou l yon atè inove, biznis wo teknoloji pou kanpis SUNY ak kominote New York yo. STARTUP-NY te pwouve pou l yon eleman chanjman ekonomik non sèlman pou kominote biznis lan, men pou anpil etidyan SUNY, pwofesè ak pèsonèl ki konnekte avèk yo nan pouswit rechèch, opòtinite akademik amelyore, ak eksperyans pratik mendèv nan yon varyete disiplin. Nap rete tann pou n akeyi nouvo biznis sa yo nan SUNY."

Detay adisyonèl sou premye vag biznis yo ki te apwouve pou START-UP NY se sa ki annaprè a:

Morrisville State College – 54 nouvo djòb

Empire Farmstead Brewery se yon nouvo biznis ki pral kreye yon antrepriz fabrikasyon ak etablisman agro-touris nan Cazenovia, Konte Madison. Tèm Empire Farmstead Brewery se yon mikwo-brasri kontanporen, modèn, fèm degistasyon ak vizit kap fonksyone; ak byè ki fabrike nan etablisman an pral anbale nan ti barik, boutèy ak bwat fèblan pou distribisyon rejyonal ak entènasyonal. Pwojè a an patenarya avèk SUNY Morrisville, sa kap enpleman yon nouvo pwogram etid e li pral travay dirèkteman avèk konpayi an pou jere etablisman an ak edike etidyan yo avèk eksperyans biznis pratik nan pwodiksyon fèmantasyon. Empire Brewing pral kreye 52 nouvo djòb pandan lap investè \$5.9 milyon dola.

K16 Corporation se yon nouvo konpayi teknoloji aparèy ak devlopman lojisyèl ki santre sou devlope solisyon ki baze sou teknoloji nan anseye metòd yo. K16 pral lokalize nan yon espas sou kanpis nan Morrisville e lap kreye de nouvo djòb nèt pandan lap investè \$10,000.

University at Buffalo – 40 nouvo djòb

Adiabatic Solutions, LLC se yon konpayi manifakti avanse etap fòmasyon ki lokalize nan Tonawanda, Konte Erie, ki pwodui konpozan an metal pou yon laj varyete endistri (enèji, aparèy medikal, otomobil ak ti motè) atravè yon pwosesis fòmasyon HBI inik.

Konpayi an pa twò lontan de sa te genyen konpetisyon Plan Biznis 43North Eta, pral lokalize nan Sant Inovasyon Sant Medikal Buffalo Niagara e li kreye 27 nouvo djòb pandan lap envesti \$12.1 milyon.

DaStrong Corp. se yon nouvo konpayi kap devlope epi fabrike yon nouvo jenerasyon vantilatè refwadisman pou ekipman elektwonik. Konpayi an pral lokalize nan Sant Inovasyon Buffalo Niagara Medical Center epi kreye de nouvo djòb nèt pandan lap envesti \$1,634,600.

Joox America, LLC, fonde orijinalman nan Brezil, se yon nouvo konpayi teknoloji enfòmasyon nan Eta New York kap devlope yon platfòm ki baze sou cloud ki pèmèt yon kliyan oswa konpayi pou chwazi nenpòt objè oswa pwodui pou pèsonalize sou entènèt. Konpayi an pral lokalize nan Bilding Gateway nan Buffalo e lap kreye 11 nouvo djòb pandan lap kreye \$271,130.

Rochester Institute of Technology – 23 nouvo djòb

ClearCove Systems, yon enkitabè Eta New York ki diplome nan Venture Creations nan Rochester, Konte Monroe, se yon konpayi enèji renouvlab ki te devlope solisyon patante ki transfòme izin tretman dlo sal an resous enèji renouvlab epi kreye devlopman pou kominote lokal yo. Konpayi an te teste nouvo teknoloji l nan de izin tretman dlo sal nan pati nò eta e li planifye pou enpleman premye operasyon a gran echèl izin dlo sal Bath (Konte Steuben) nan kòmansman ete 2015. Sistèm Clearcove pral lokalize katye jeneral li nan kanpis anba lavil RIT epi kreye 23 nouvo djòb nèt pandan lap envesti \$3.98 milyon.

Farmingdale State College – 20 nouvo djòb

Mitogenetics, LLC se yon biznis ki nouvo nan Eta New York kap enkòpore aktyèlman nan Iowa. Konpayi rechèch ak devlopman konsantre sou konpoze ki kapab trete maladi ki asosye avèk disfonksyonman mitokondriyo, se sa ki rive lè mitokondriyo, sètadi sous enèji nan selil yo, pa kapab fonksyone akòz faktè jenetik oswa anviwonmantal. Konpayi an pral lokalize nan Salina Industrial Powerpark, e lap kreye 15 nouvo nèt pandan lap envesti \$2.65 milyon.

Codagenix, Inc. se yon konpayi devlopman ak rechèch ki nan etap fòmasyon kap komèsyalize yon platfòm ki baze sou lojisyèl pou devlopman vaksen ki pi efikas. Platfòm sa a itilize teknoloji konsepsyon rasyonèl ki baze sou òdinatè pou konsepsyon ak konstriksyon vaksen yo. Siksè pre-klinik la te ranpòte yon enterè komèsyal enpòtan ak envestisè ki pral pèmèt grandi sou kanpis SUNY Farmingdale epi kreye senk nouvo djòb nèt pandan lap envesti \$135,000.

Stony Brook University – 13 nouvo djòb

C&M Robotics Co. Ltd, aktyèlman ap fonksyone nan Seoul, Korea, se yon biznis manifakti avanse ki nouvo nan Eta New York ki fabrike materyèl spesyalize robotik pou

konpayi yo ki depann sou pwosesis robotik, avèk yon konsantrasyon sou sistèm montaj près robotik. C&M Robotics prevwa yon kolaborasyon devlopman ak rechèch alontèm avèk laboratwa otomatik fabrikasyon nan Stony Brook University. Konpayi an pral lokalize nan Enkibatè Teknoloji Long Island Tech e lap kreye senk nouvo djòb nèt pandan lap envesti \$950,000.

QB Sonic, Inc. se yon nouvo konpayi aparèy medikal kap komèsyalize teknoloji ki te devlope nan Stony Brook University. Teknoloji iltrason pral dyagnostike epi trete twoub miskilo-skeletik, sa ki gen ladan deteryorasyon akòz laj, (sètadi ostewopowoz) ak chòk nan zo, tandon, ligaman, ak jwenti akòz de blesi oswa twòp itilizasyon. Teknoloji a ka bay imaj zo ak tisi mou avèk yon rezolisyon elve, ekipman ki pa koute chè ki pa gen reyon X danjere. Konpayi an pral lokalize nan Enkibatè Teknoloji Long Island Tech e lap kreye senk nouvo djòb nèt pandan lap envesti \$25,000.

SUNY Brockport – 8 nouvo djòb

Precision Optical Transceivers Inc. se yon konpayi transmetè-reseptè optik ki egziste deja ak akseswa ki itilize nan rezo telekominikasyon ak kab. Konpayi an te devlope pwopriyete Elektrik efasab pwogramasyon memwa Kodaj Lekti-sèlman pwosesis teknoloji ak pwodiksyon pou pèmèt livrezon rapid nan reseptè kliyan yo. Precision Optical aktyèlman ap fonksyone nan Brockport, Konte Monroe, e li pral lokalize nouvo anplwaye nan SUNY Brockport MetroCenter nan Rochester. Konpayi an pral kreye uit nouvo djòb nèt epi envesti \$2,060,000.

Enfòmasyon sou START-UP NY

START-UP NY ap chèche akselere lespri antreprenè ak kreyasyon djòb nan tout eta a sou yon gwo baz, ak yon konsantrasyon espesyal sou rejyon nò New York. Daprè pwogram lan, biznis ki patwone pa kolèj ak inivèsite ki patisipe yo ki kreye nouvo djòb nèt pral fonsyone a 100 pousan san taks pandan 10 ane, yo pap peye taks revni eta, biznis oswa taks antrepriz eta oswa taks lokal, taks sou lavant, taks sou pwopriyete oswa frè franchiz. Konpayi yo pral gen opòtinite pou fè patenarya avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo, ansanm avèk aksè espesyalis endisri yo ak laboratwa rechèch avanse ki asosye avèk lekòl yo.

Jiska jounen jodi a, 66 lekòl te apwouve pou START-UP, san bliye kat CUNY ak 17 enstitisyon prive, ki kreye plis pase 385 zòn san taks pou nouvo biznis ak sa kap grandi yo pou opere nan oswa toupre kanpis yo. W ap jwenn chak Plan START-UP NY lekòl apwouve nan www.startup-ny.com.

START-UP NY gen ladan bon dispozisyon ki bay pwoteksyon kont fwod. Biznis blije soumèt sètifikasyon nan ESD, epi bay manti nan sètifikasyon yo se yon krim. Pwogram lan gen ladan tou dispozisyon sevè pou pwoteje kont abi tankou chanjman djòb pami ajans ki konsène yo oswa “k ap fè ti chanjman,” lè yon konpayi jis re-fòme anba yon nouvo non epi li deklare anplwaye li genyen deja yo se nouvo djòb kounye a. Mete sou sa, START-UP NY gen ladan mezi pou anpeche operasyon entèn ak konfli enterè. Lè gen fwod, Eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo. Konpayi ki pa

satisfè kondisyon pwogram nan - tankou lè yo pa satisfè limit kreyasyon djòb yo - ka gen avantaj yo diminye, sispann oswa elimine. ESD gen otorizasyon pou l analize enfòmasyon konpayi an pou asire yo te kreye ak konsève djòb yo, epi pou mete yon pwen final nan patisipasyon konpayi ki pa kreye nouvo djòb ditou.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418